

**PEKAN TENGAH SEMESTER 2
SMP KARITAS NGAGLIK 2020 / 2021**

Hari, Tanggal : Kamis 18 Maret 2021
Mata Pelajaran : Basa Jawa
Jam : 10.00 – 11.00

Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi milih wangsulan jawaban a, b, c utawa d kang kok anggep bener !!

Wacana kanggo soal no 1 – 5

Pepadhang

Gumebyaring lintang wengi bisa dadi obor,
Minangka colok pepadhang bukak korining warisan,
Tinggalan leluhur kang sumimpen ing pethi wasiat,
Kang dianggep wadi ana sajeroning wingiting senthong,
Banjur kapan bakal tinarbuka,
Wasiat kang awujud serat lan kidung ing kitab kuna,
Senthong wingit kanggo nyimpen gamelan loro blonyo,
Uga tinggalane leluhur kang ngemu sasmita,

1. Gumebyaring lintang wengi bisa dadi obor. Ing ngisor iki dasanamane tembung lintang yaiku ...
 - a. Kartika
 - b. Rembulan
 - c. Dirgantara
 - d. Kerlap – kerlip
2. Minangka colok pepadhang mbukak korining warisan. Tembung warisan ing geguritan kasebut tegese ...
 - a. barang duweke leluhur
 - b. barang tinggalane leluhur
 - c. bandha sing dibagi sedulur
 - d. bandha sing bisa dadi rebutan sedulur
3. Kang dianggep wadi ana sajeroning wingiting senthong. Tembung senthong tegese ...
 - a. papan kanggo nyimpen beras
 - b. papan kanggo nyimpen bandha
 - c. papan kanggo nyimpen pusaka
 - d. papan kanggo turu
4. Senthong wingit kanggo nyimpen gamelan loro blonyo. Tembung wingit tegese...
 - a. angker
 - b. sepi
 - c. reged
 - d. peteng

5. Apa isi geguritan kang asesirah “Pepadhang” ?
 - a. Senthong kang angker amarga ora kena dibukak lawange
 - b. Lintang iku bisa dadi obor kang madhangi jagad raya
 - c. Warisan leluhur sumimpen ora kena dibukak dening sapa wae
 - d. Budaya warisan leluhur kang awujud kidung lan kitab kuna isih ana sing sumimpen
6. Salah sawijining asil kasusastran modern kanggo ngetokake gagasan yaiku....
 - a. wayang
 - b. geguritan
 - c. lagu dolanan
 - d. tembang macapat
7. Apa tegese budi pekerti ...
 - a. Pratandha
 - b. Tetembangan
 - c. Sopan santun
 - d. Dikandhakake
8. Tegese kaserat yaiku ...
 - a. ngerti
 - b. cetha
 - c. katulis
 - d. gambaran
9. Tegese kuncara yaiku ...
 - a. misuwur banget
 - b. donya
 - c. ngandhut
 - d. pratandha
10. Kang kudu digatekake tumrape wong maca geguritan kaya kang disebutke ing ngisor iki, yaiku
 - a. wicara, wirama, wiraga, wirasa
 - b. wicara, wiwaha, wiraga, widara
 - c. wicara, wiwaha, wiraga, wilapa
 - d. wisesa, wiwaha, winarna, wirasa
11. Jinis tembang reripta gagrak anyar sing ora nganggo paugeran gatra, guru lagu, lan guru wilangan yaiku ...
 - a. Geguritan
 - b. Parikan
 - c. Lagu dolanan
 - d. Cerita wayang



12. Tembang kanggo bocah-bocah sing lagi dolanan kaya gambar ing dhuwur yaiku.....

- a. Cublak-cublak Suweng
- b. Andhe-andhe Lumut
- c. Menthog-menthog
- d. Padhang Bulan



13. Gambar ing dhuwur yaiku salah sawijine dolanan tradhisional Jawa kang diarani.....

- a. bekel
- b. neker
- c. egrang
- d. dakon
- e.

Kanggo soal nomer 14 – 16

PADHANG BULAN

Ya prakanca dolanan neng
 njaba Padhang bulan
 padhange kaya rina
 Rembulane ne sing ngawe-
 awe Ngelingake aja padha
 turu sore

14. Manut tembang ing ndhuwur isine ngandhut makna religious/keagamaan yaiku.....

- a. Supaya wong padha turu sore.
- b. Supaya wong padha turu wektu awan.
- c. Supaya wong padha dolan ing wayah bengi.
- d. Supaya wong tansah nindakake dhawuhe lan ngedohi larangane Gusti.

15. Tembang “Padhang Bulan” kalebu jinising tembang.....
- lawas
 - dolanan
 - macapat
 - campursari
16. Padhang bulan padhange kaya rina. Tegese tembung “rina” yaiku....
- sore
 - esuk
 - awan
 - bengi
17. Apa tegese bingah ...
- Katon
 - Sehat
 - Seneng
 - Semburat
18. Apa tegese bagus kuwasarasan ...
- Katon
 - Sehat
 - Seneng
 - Semburat
19. Tegese Prakanca yaiku ...
- Sedulur
 - Tetangga
 - Para kanca
 - Orang Tua
20. Wujud barang kang bisa didelikake nalika bocah dolanan cublak-cublak suweng yaiku....
- krikil
 - pring
 - buku
 - bolpen
21. Tembang kalebu kasusastran Jawa anyar. Wujude tembang ana ...
- 2
 - 3
 - 4
 - 5
22. Cacahing wanda (suku kata) saben sagatra yaiku ...
- Guru lagu
 - Guru wilangan
 - Guru gatra
 - Guru ngajar

23. Dikanthi , dituntun, digandheng yaiku disebut ...
a. Mijil
b. Kinanthi
c. Sinom
d. Asmaradana
24. Mijil tegese
a. Dikanthi
b. Prasaja
c. Metu
d. Pangajab
25. Dalam tembang Macapat Jawa kita mengenal ...
a. Guru Gatra, Guru lagu dan Guru Wilangan
b. Parikan
c. Aksara Jawa
d. Geguritan
26. Sinom tegese ...
a. Orang Tua
b. Remaja
c. Anak – anak
d. Ibuk -ibuk
27. Kinanthi watake ...
a. Gandrung – gandrung, prihatin
b. Sengsem, susah
c. Nesu, seneng
d. Tresna asih, ngemu
28. Durma tegese
a. Maju
b. Mundur
c. Mubeng
d. Mabur
29. Pupuh tegese ...
a. Kumpulan guru wilangan
b. Kumpulan geguritan
c. Kumpulan tembang sawarna
d. Kumpulan aksara jawa
30. Guru gatra lan guru wilangane tembang macapat Kinanthi yaiku ...
a. 10i, 6o, 10e, 10i, 6i, 6u
b. 7u, 10u, 12i, 8i, 8a
c. 8a, 8i, 8a, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a
d. 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i